

## Distri Lekòl Konte Orange

### Seksyon 1: Idantifikasyon (Règ 6A-6.0902, F.A.C.)

**Pwosedì Enskripsyon ak Administrasyon Sondaj sou Lang Lakay la (Home Language Survey, HLS).**

Dekri pwosedì enskripsyon Ajans Edikasyon Lokal la (Local Education Agency, LEA) itilize pou yo enskri Elèv k ap Aprann Lang Anglè yo (English Language Learner, ELL).

Lè yo fin ranpli fòmilè Enskripsyon/Anrejistreman Elèv la, direksyon lekòl la ap antre nan òdinatè santral aktyèl distri a tout enfòmasyon demografik elèv la, ki gen ladan lang matènèl li, peyi kote li fèt, elèv imigran ak dat yo te antre nan yon lekòl Etazini, ke paran/oswa responsab legal elèv la te bay pandan pwosesis enskripsyon an.

Repons yo dwe gen ladan enfòmasyon ki annapre yo:

Kòman pwosedì LEA yo ye an konparezon ak pwosedì yo swiv pou elèv ki pa ELL yo?

Nan moman enskripsyon an, tout paran/responsab legal yo ranpli yon fòmilè Enskripsyon/Anrejistreman Elèv nan lekòl timoun yo a ki gen ladan Sondaj sou Lang Lakay la:

(a) Èske yo pale nan kay la yon lòt lang ki pa Anglè?

(b) Èske elèv la te gen yon lòt lang matènèl ki pa Anglè?

(c) Èske elèv la pale pi souvan yon lòt lang ki pa Anglè?

Si yo reponn “wi,” pou nenpòt nan twa kesyon sa yo, direksyon lekòl la ap enfòm Espesyalis Konfòmite ESOL lekòl la, epi y ap bay elèv la Tès Konpetans IDEA a (IPT) nan yon delè 20 jou apre enskripsyon an.

Kòman pwosedì LEA yo ye an konparezon ak pwosedì yo swiv pou elèv ki pa ELL yo?

Yo swiv menm pwosedì enskripsyon yo pou tout elèv yo. Tout paran yo dwe ranpli fòmilè Enskripsyon/Anrejistreman Elèv la ak Sondaj sou Lang Lakay la (HLS), ansanm ak lòt fòmilè apwopriye yo pou yo ka kolekte done ak enfòmasyon sou elèv yo. Anplis de sa, y ap enfòm paran an imedyatman sou pwosedì y ap swiv pou tès ak plasman elèv ki gendwa ELL yo. Paran an ap ede konplete Lis Kontwòl Evalyasyon Pwogramatik la tou pou asire ke yo fè yon plasman pwogramatik apwopriye. Paran ki pale Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, Vyetnamyen, Arab, Chinwa Mandaren, Ris, oswa Tagalòg yo ka resevwa fòmilè sa yo nan lang matènèl yo.

Nan ki lang yo tradui HLS la?

Yo tradui HLS la an Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, Vyetnamyen, Arab, Chinwa Mandaren, Ris, ak Tagalòg

[Fòmilè Enskripsyon Nouvo Elèv la](#)

Kòman LEA a ede paran ak elèv ki pa pale Anglè yo nan pwosesis enskripsyon an?

Si sa nesèsè pou enskripsyon an, fanmi ELL yo ap resevwa èd nan men anplwaye lekòl la ki pale de lang yo.

Lè sa disponib, ajan lyezon paran pou Pwogram Korektif ak Miltileng yo (Multilingual and Corrective Program) kapab ede tou pou tradui oswa pou entèprete dokiman enskripsyon yo, ansanm ak lòt enfòmasyon enpòtan sou lekòl yo. Pou lang yo pale mwen souvan nan distri nou an, nou gen kontra avèk yon tradiktè nan telefòn ak fas a fas pou bay èd.

Kòman nou idantifye elèv ki imigran yo?

Y ap jwenn enfòmasyon sou elèv imigran yo, ansanm ak Dat yo Antre nan yon Lekòl Etazini (DEUSS) sou fòmilè Enskripsyon/Anrejistreman Elèv la tou.

Tèm timoun ak jèn imigran yo vle di moun ki:

(A) gen ant 3 zan a 21 an; epi

(B) pa te fèt nan okenn Eta nan Etazini, Distri Columbia oswa nan Pòtoriko; epi

(C) pa te ale nan youn oswa plizyè lekòl nan nenpòt nan youn oswa plizyè Eta pandan plis pase twa ane lekòl konplè.

Daprè definisyon sa a, kòd imigran elèv la se Y epi nimewo eleman done a se 131785.

Kòman yo jwenn Dat Antre nan Lekòl Etazini an (DEUSS) nan pwosesis enskripsyon an?

Nan moman enskripsyon an, paran yo ap ranpli Sondaj sou Lang Lakay la (HLS), ansanm ak kesyon konsènan dat nesans elèv la, peyi kote li fèt, ak dat DEUSS la, nan ki mwa, jou ak ane elèv la te antre nan lekòl Ozetazini (nenpòt nan 50 Eta yo ak Distri Columbia, eksepte teritwa ak posesyon Etazini yo). Si yon elèv k ap antre nan lekòl nou yo sòti nan yon lòt distri nan Florid oswa nan yon lòt Eta andedan Etazini, y ap mande lekòl li te ye anvan an dosye yo, epi y ap antre dat DEUSS orijinal la nan eleman done 197237 sistèm enfòmasyon nou gen sou elèv yo.

[Sondaj sou Lang Lakay la](#) (gade nan paj 3)

## **Seksyon 2: Evalyasyon Metriz Lang Anglè (Règ 6A-6.0902, F.A.C.)**

### **1. Evalyasyon Metriz Lang Anglè (ELP)**

Ki tit moun ki responsab pou yo fè evalyasyon ELP a pou elèv ki gendwa ELL yo nan LEA a? (Chwazi tout opsyon ki aplike yo.)

Direksyon Lekòl la

Kowòdonatè/Administratè ESOL

Lòt (Presize) Espesyalis Konfòmite ESOL (ESOL Compliance Specialist, ECS), Asistan Pwogram Distri, Anplwaye ki pa gen Lisans Pwofesyonèl yo nan ESOL/Anplwaye Bileng (EP)

### **2. Evalyasyon Metriz Tande ak Pale**

Ekri lis evalyasyon (yo) metriz Tande ak Pale (Tande/Oral) yo itilize nan LEA ak pwosedi yo swiv pou detèmine si yon elèv K-12 se yon elèv ELL.

- Tès Konpetans IDEA (IPT)

Dekri pwosedi yo swiv pou garanti ke yo fè evalyasyon (yo) pou Tande ak Pale nan yon delè 20 jou lekòl yo apre premye enskripsyon elèv la.

Depi yon paran tcheke “Wi” pou youn oswa pou plizyè kesyon nan kesyon HLS yo ki nan pake enskripsyon an, direksyon lekòl la ap bay Espesyalis Konfòmite ESOL la yon kopi pake enskripsyon an. Yon repons wi pou nenpòt nan kesyon HLS yo ap lakòz yo bay tès metriz lang Anglè a.

Espesyalis Konfòmite ESOL lekòl la, Anplwaye Bileng ki pa gen Lisans Pwofeysonèl yo nan ESOL, oswa yon Asistan Pwogram dwe fè evalyasyon apwopriye pou metriz tandè ak pale pou elèv yo nan yon delè 20 jou lekòl apre yo antre nan lekòl la. Tout elèv ki pa byen metrize Tandè ak Pale (L/S) dapre evalyasyon an ap kalifye pou sèvis ESOL yo, epi y ap gen kòd LY. Yo konsidere kòm elèv ki pa ELL (ZZ) elèv ki te enskri sòti nan kindègadenn rive nan klas dezyèm ane ki fè nòt ki nan nivo pale Anglè kouraman nan evalyasyon (L/S) la. Lèsa, yo fè elèv ki nan klas 3yèm ane a 12yèm ane ki resevwa nòt konpetan nan L/S yo pran yon evalyasyon lekti ak ekriti ki dwe reyalize nan lespas dis jou apre premye evalyasyon tandè/oral la, men pa pita pase 30 jou apre premye enskripsyon an. Asistan Pwogram Distri yo bay lekòl yo yon soutyen anplis pou fasilite premye evalyasyon an pou garanti yo evalye elèv yo nan lespas 20 jou apre yo antre. Si tès tandè/oral la pa fèt nan lespas 20 jou lekòl apre dat antre elèv la, y ap itilize Lèt Reta a pou avèti paran yo.

### **Evalyasyon Metriz Lekti ak Ekriti**

Ekri lis evalyasyon (yo) Lekti ak Ekriti ke yo itilize nan LEA a ak pwosedi yo swiv pou detèmine si yon elèv ki nan klas 3yèm ane a 12yèm ane se yon elèv ELL.

- Tès Konpetans IDEA - Lekti ak Ekriti (IPT IRW)

Yo fè evalyasyon metriz Lekti ak Ekriti (IRW) pou elèv ki nan klas 3yèm ane a 12yèm ane ki resevwa yon nòt konpetan nan evalyasyon metriz Tandè ak Pale a. Yon nòt ki egal oswa pi ba pase ran 32yèm santil nan pòsyon lekti ak ekriti IRW a dwe kalifye yon elèv pou l antre nan pwogram ESOL la.

### **3. Komite ELL la**

Dekri pwosedi yo swiv lè Komite ELL la pran yon desizyon sou antre (plasman) yon elèv. Ki kalite dokiman yo itilize pou sipòte desizyon sa yo?

Komite ELL la kapab detèmine ke yon elèv se yon Elèv k ap aprann Lang Anglè lè yo baze sou omwen de (2) nan kritè ki annapre yo anplis de rezilta yo nan evalyasyon antre a:

- a. Pòte ak nati eksperyans edikativ oswa akademik, eksperyans sosyal yo te gen avan yo, ak yon entèvyou y ap fè ak elèv la,
- b. Rekòmandasyon ak obsèvasyon ke pwofesè ak anplwaye sèvis sipòt ansyen ak aktyèl yo fè alekri,
- c. Nivo metriz konesans oswa konpetans debaz yo nan lang Anglè oswa lang eritaj la dapre nòm lokal, eta oswa nasyonal ki sèvi kòm referans pou kritè yo,
- d. Nòt yo fè pandan ane aktyèl yo oswa anvan yo, oswa
- e. Rezilta lòt tès ki pa evalyasyon dantre yo

Y ap mete nenpòt desizyon komite ELL la pran nan yon evalyasyon alekri nan plan ELL elèv la. Epiou evalyasyon sa a ap presize yon plan yo pral aplike pou reponn a bezwen lengwistik elèv la genyen yo. Y ap dokimante epi mentni baz ak nati rekòmandasyon Komite ELL la nan dosye elèv la. Nan desizyon final la, y ap konsidere preferans paran yo konsènan si yo dwe detèmine ke yon elèv se yon elèv ELL. Lè yon paran oswa yon pwofesè fè demann lan, yo ka refere ba yon Komite ELL yon elèv yo detèmine ki pa yon elèv k ap aprann lang Anglè oswa nenpòt elèv yo detèmine ki se yon elèv k ap aprann lang Anglè ke yo baze sèlman sou yon grenn evalyasyon lekti oswa ekriti. Nan desizyon final la, yo dwe konsidere preferans paran yo konsènan si yo dwe detèmine ke yon elèv se yon elèv ELL ou pa.

## **Seksyon 3: Evalyasyon Pwogramatik (Règ 6A-6.0902, F.A.C.)**

### **Evalyasyon Akademik/Pwogramatik**

Dekri pwosedi yo te aplike pou detèmine eksperyans eskolè elèv ELL yo te genyen avan. Epi tou, evalye plasman elèv ELL ki gen eksperyans eskolè limite anvan oswa ki pa gen eksperyans lekòl ditou, oswa ki gen dosye lekòl yo te ye avan yo ki pa konplè oswa ki enposib pou jwenn. Presize aksyon yo pran pou yo chache jwenn dosye lekòl yo te ye avan yo. Ekri pwosedi yo swiv pou detèmine plasman nan nivo klas apwopriye pou elèv ELL yo.

Depi yon paran endike “Wi” pou kesyon HLS la yo, Distri a ap itilize yon Lis Kontwòl Evalyasyon Pwogramatik nan pwosesis enskripsyon an, ki gen ladan dosye lekòl kote elèv la te ye avan pou garanti yo mete elèv la nan yon nivo akademik apwopriye. Kèlkeswa nivo metriz yo nan lang Anglè oswa istwa akademik yo, elèv ki gendwa ELL ki antre nan nenpòt lekòl nan distri a dwe pase yon evalyasyon pwogramatik ke direksyon lekòl la oswa lòt anplwaye lekòl la ki responsab pou yo enskri elèv yo ap administre. Baze sou dosye elèv la ak rezilta yo nan evalyasyon pwogramatik la, konseye oryantasyon an ap konsilte Espesyalis Konfòmite ESOL la pou yo pran yon desizyon sou plasman ki pi apwopriye pou elèv la. Se enfòmasyon paran/responsab legal la bay nan HLS ki nan pake enskripsyon an ki detèmine premye plasman nan ESOL oswa non-plasman nan ESOL. Pou ede elabore plan ELL la, anplwaye lekòl la yo pral tcheke:

- Dosye lekòl elèv la te ye avan yo pou klas li fè yo
- Relve nòt pou kou li reyisi/li konplete
- Nenpòt lòt prèv eksperyans edikatif ankò

Pou elèv ki gen eksperyans eskolè limite oswa ki pa gen eksperyans eskolè ditou, direktè lekòl la, asistan direktè lekòl la, konseye oryantasyon an oswa yon reprezantan yo deziyen, ap fè yon evalyasyon avèk èd Espesyalis Konfòmite ESOL la (ECS) ak/oswa lòt anplwaye lekòl la yo pou nenpòt enfòmasyon ki egziste deja ki disponib oswa yo endike nan evalyasyon pwogramatik la. Toutfwa, si gen prèv limite nan dosye lekòl yo te ye avan, anplwaye k ap fè enskripsyon an ap mande pou lekòl yo te ye avan voye dosye yo pa lapòs, pa faks oswa pa telefòn. Lè pa gen okenn dosye elèv ki disponib, oswa paran yo pa rapòte okenn eksperyans eskolè avan, Komite ELL la ki pral fè yon rankont pou yo detèmine meyè plasman an pou elèv la (yo). Y ap mete tout elèv ki pa gen okenn dosye lekòl oswa ki pa gen eksperyans eskolè avan yo nan yon nivo ki apwopriye pou laj yo, kèlkeswa nivo metriz elèv la nan lang Anglè.

### **Nivo Klas ak Pwosedi Plasman nan Kou yo – Klas 9yèm ane a 12yèm ane**

Dekri pwosedi yo te aplike pou detèmine klas ak plasman nan kou ki apwopriye a. Deskripsyon yo dwe gen ladan pwosesis yo itilize pou akòde inite valè pou elèv ELL k ap antre nan klas 9<sup>yèm</sup> a 12<sup>yèm</sup> ane ki te fin konplete inite valè yo nan peyi ki andeyò Etazini, epi y ap pale prezizeman de elèv yo pa gen okenn dokiman pou yo.

Daprè 6A.6.0902 seksyon 3 pati b a, “Distri lekòl la dwe akòde menm inite valè pou kou yo pran nan yon lòt peyi oswa nan yon lang ki pa Anglè menm jan yo t ap fè pou menm kou yo pran Ozetazini oswa yo pran nan lang Anglè. Pou elèv ki fèt aletranje, yo dwe swiv menm règleman distri a adopte konsènan plasman ki apwopriye pou laj yo menm jan yo swiv yo pou elèv ki fèt Ozetazini yo.” Plasman elèv yo pa baze sèlman sou metriz lang Anglè.

Yon reprezantan direktè lekòl la deziyen, konseye oryantasyon sètifye a, ak Espesyalis Konfòmite ESOL la ap bay elèv la ak paran yo konsèy pedagogik sou plasman ki pi apwopriye a. Y ap bay tout konseye oryantasyon ki nan distri lekòl la yo “Yon Gid pou Plasman Elèv ki Fèt Aletranje” pou plase elèv yo kòrèkteman daprè kou yo fin konplete ak nòt yo fè nan peyi yo.

Si pa gen okenn dosye ki disponib nan moman enskripsyon an, lekòl la ap fè tout efò pou kontakte lekòl elèv la te ye avan nan telefòn oswa alekri, kèlkeswa kote li ye a. Anplis itilizasyon “Yon Gid pou Plasman ki Fèt Aletranje” pou plase elèv yo kòrèkteman, yo itilize kritè ki annapre yo pou yo detèmine plasman an:

- Sa ki apwopriye pou laj yo
- Dokiman Sèvis Edikatif Kote yo te ye Avan yo
- Komite ELL la
- Entèvyou Paran/Responsab legal ak Elèv la

Si elèv la sòti nan yon peyi ki an boulvès, epi dosye yo te detwi, lekòl la ap fè tout efò pou kolabore avèk paran yo ak elèv la epi itilize yon nòt ‘S’ pou yo remete yon istwa inite valè sou pye. Elèv la dwe demontre metriz li nan pwochen nivo apwopriye a pou li kapab resevwa inite valè pou kou yo nan istwa inite valè yo remete sou pye a.

Elèv yo dwe gen dokiman sou kou yo fin konplete yo pou yo ka resevwa inite valè pou lekòl segondè yo. Yo ka resevwa egzansyon transfè kou yo si yo bay dokiman yo. Konseye ak administratè lekòl yo ap egzamine relve nòt yo epi akòde inite valè pou kou yo fin konplete nan yon lòt peyi kote kou a menm jan nan pòte ak sekans, men ki ka jis gen yon non diferan pou kou a. Si pa gen relve nòt oswa eksperyans edikatif avan, yo ka itilize entèvyou yo tou kòm yon gid pou detèmine ki nivo klas ak plasman ki apwopriye pou elèv la. Y ap konsidere laj elèv la tou. Anplis de sa, y ap fè entèvyou tou ak Paran/Responsab legal elèv la, y ap fè entèvyou ak elèv la, epi Komite ELL la ap fè yon rankont pou yo ede detèmine plasman elèv la. Lè sa posib, y ap bay tradiktè/entèprèt pou patisipe nan reyinyon sa yo. Yo ka konsidere opiyon Direktè lekòl la oswa reprezantan li, konseye oryantasyon an, pwofesè a, paran yo, oswa Espesyalis Konfòmite ESOL la pou detèmine plasman ki apwopriye pou elèv la. Chak elèv ap resevwa ansèyman diferansye nan plasman nivo klas yo antann sou li a pou fasilite aprantisaj lang Anglè ak ankonplisman akademik nan nivo plasman nan klas ki apwopriye pou elèv la.

**Eksplike pwosesis pou akòde inite valè pou elèv k ap transfere sòti nan lòt peyi yo pou kou Anglè lang syans imèn elèv la te pran nan lang matènèl li ak pou lang etranje elèv la gendwa te pran yo (sa kapab konsène Anglè tou).**

Distri lekòl la dwe akòde menm inite valè pou kou yo pran nan yon lòt peyi oswa nan yon lang ki pa Anglè menm jan yo t ap fè pou menm kou yo pran Ozetazini oswa yo pran nan lang Anglè. Yo akòde inite valè pou elèv k ap transfere sòti nan lòt peyi yo pou kou Anglè lang syans imèn elèv la te pran nan lang matènèl li. Yo ka transfere kòm egzansyon lang etranje elèv la gendwa te pran yo.

Si elèv la te etidye lang matènèl li nan klas ki ekivalan a lekòl primè oswa lekòl segondè, y ap antre chak

ane etid lang sa a kòm Lang Anglè M/J I, II, oswa III, ak/oswa Anglè I, II, III, ak/oswa IV. Pa egzansyon, si elèv la te pran dezan Italyen nan lekòl segondè, yo t ap antre Anglè I ak Anglè II. Si relve nòt yo montre elèv la te reyisi nan yon kou Anglè li te pran nan peyi li, y ap bay inite valè pou Lang Etranje.

**Ki tit moun (yo) ki responsab evalyasyon relve nòt etranje yo? Ki jan de fòmasyon yo resevwa? Kòman yo mentni dokiman yo?**

Konseye eskolè sètifye a responsab pou l evalye relve nòt etranje a epi kreye yon istwa inite valè pou elèv la nan sistèm nou an. Li resevwa fòmasyon nan men Depatman Sèvis Oryantasyon OCPS la nan atelye, laboratwa ouvè, epi li travay an kolaborasyon avèk kòlèg li yo nan lekòl la. Yo konsève relve nòt orijinal peyi etranje a nan dosye kimilatif elèv la. Si sa nesesè, konseye prensipal oryantasyon distri a gendwa mande èd manm Depatman Pwogram Korektif ak Miltileng lan.

## **Reyevalyasyon Elèv ELL ki te Sòti nan LEA nan Tan Pase yo**

**Dekri pwosedi yo itilize pou reyevalye elèv ELL ki te sòti nan LEA a epi ki reyenskri yo. Presize kantite tan ki pase ant lè elèv ELL la te sòti a ak lè li reyenskri a, kote yo dwe fè yon nouvo evalyasyon metriz lang Anglè apre reyenkripsyon. Gen ladan pwosedi pou rapò done yo.**

Y ap fè yon evalyasyon metriz lang Anglè pou nenpòt elèv ELL OCPS anvan ki te sòti pou plis pase sis mwa sivil epi ki pa gen done tès ESOL disponib aktyèlman. Y ap itilize rezilta tès yo pou mezire pwogrè nan metriz lang Anglè ak pou detèmine kalifikasyon yo pou pwogram lan. Yo ka refere elèv la bay Komite ELL la pou yo detèmine si li kalifye. Byenke yo pa itilize done ESOL yon lòt Eta, li enpòtan pou yo jwenn tout kantite enfòmasyon akademik posib ki pral ede OCPS pran meyè desizyon plasman pou elèv la.

Elèv ELL ki gen kòd LY ki te kite yon Lekòl Piblik Konte Orange pandan mwens pase sis mwa, ki reyenskri epi ki gen rezilta/done evalyasyon ESOL, ka kontinye nan pwogram ESOL la san yo pa bezwen okenn lòt tès anplis. Y ap voye fòmilè Avi sou Kalifikasyon/Plasman Anyèl la bay paran an, epi y ap mete yon kopi pou fè pati plan ELL elèv la.

Si elèv ELL la reyenskri apre 1ye oktòb, y ap fè yon evalyasyon metriz lang epi Komite ELL la pral fè yon rankont. Komite ELL la ap rankontre pa pi bonè n trant (30) jou lekòl avan twazyèm anivèsè DEUSS elèv la pou yo detèmine pwolonjman sèvis yo konfòmeman ak règ 6A-6.09022.

## **Devlopman Plan pou Elèv ELL lan**

**Dekri pwosedi yo pou prepare Plan ELL pou Elèv la. Ekri tit moun (yo) ki responsab pou prepare plan an, ak pou fè mizajou nan eleman rapò done sou ELL la. Epitou, ekri yon deskripsyon konsènan kilè ak kòman yo mete plan ajou pou montre sèvis elèv la resevwa aktyèlman.**

Nan moman enskripsyon an epi lè repons yo se wi pou kesyon HLS yo, direksyon lekòl la ap ranpli Lis Kontwòl Evalyasyon Pwogramatik la baze sou enfòmasyon paran an/responsab legal la bay sou fòmilè enskripsyon elèv la. Espesyalis Konfòmite ESOL la prepare Plan ELL elèv la. Konseye oryantasyon an, Espesyalis Konfòmite ESOL la oswa reprezantan direktè lekòl la prepare yon kalandriye tanporè pou plasman apwopriye a. Espesyalis Konfòmite ESOL la, reprezantan direktè deziyen an, anplwaye ki pa gen lisans pwofesyonèl ESOL yo, oswa Asistan Pwogram Distri a ap fè Elèv la pran evalyasyon metriz lang Anglè a nan lespas ven (20) jou apra antre lekòl. Desizyon plasman final la baze sou rezilta tès yo ak/oswa yo ka refere elèv la bay Komite ELL la.

Aprè yo fin fè tès ESOL apwopriye a, Espesyalis Konfòmite ESOL la oswa reprezantan direktè a deziyen an kontinye pwosesis pou prepare Plan ELL elèv la. Yon fwa yo detèmine kalifikasyon pou pwogram ESOL la, yo mete ajou ak/oswa modifiye plan ELL elèv la si sa nesesè. Y ap konsève tout dokiman yo nan plan ELL elèv la epi y ap mete yo nan dosye kimilatif elèv la. Y ap bay paran yo yon kopi fòmilè plasman yo nan lang matènèl paran an, si sa posib.

Espesyalis Konfòmite ESOL la, reprezantan direktè a deziyen an ak/oswa Anplwaye ki pa Gen Lisans Pwofesyonèl ESOL nan lekòl la asire ke yo mete yon kopi ajou kalandriye ELL la, ki montre pwogram ak kou aktyèl yo, nan plan ELL elèv la. Nenpòt lè gen yon chanjman ki fèt nan plan ELL elèv la, y ap kreye

yon nouvo kalandriye ELL epi y ap mete li nan Plan ELL elèv la. Y ap mete Plan ELL elèv la ajou de fwa pa ane tou (nan kòmansman ane lekòl la ak nan kòmansman dezyèm trimès la). Komite ELL la, ki gen ladan yon pwofesè (oswa plizyè), administratè a oswa reprezantan direktè a deziyen an, paran an, konseye oryantasyon an, ak reprezantasyon ESOL la ka revize ak/oswa mete pwogram ELL Elèv la ajou, nenpòt lè, nan bi pou dokimante sèvis sipò anplis oswa yon chanjman nan modèl/pwogram ansèyman an.

**Dekri eleman yo ki nan plan an (pa egzanp, kominikasyon ant lakay ak lekòl la, orè ak kou elèv yo, siveyans pwogrè, entèvansyon, kontwòl ak lòt evalyasyon yo). Ki wòl pwofesè a jwe nan preparasyon plan an?**

Eleman ki nan plan elèv la ap gen ladan non elèv la, dat dantre, ak nòt AKSÈ pou ELL yo ak done evalyasyon Eta a. Anplis de sa, yo mete lòt dokiman tankou yon Kouvèti Pòtfolyo ELL la, fòmilè Enskripsyon Elèv la, fòmilè Lis Kontwòl pou Evalyasyon Pwogramatik la, Idantifikasyon ak/oswa Eleman Done Sòti yo, ak fòmilè Avi Kalifikasyon an nan Plan ELL elèv la. Gen kèk ki ka gen ladan tou yon fòmilè Lèt Reta oswa dokiman Komite ELL la, jan sa nesesè.

Plan an ap montre pwogram ansèyman ak orè elèv la ke kòd Pwogram 130 lan prevwa ki pral gen ladan lòt pwogram yo ki pa ESOL yo. Plan ELL la ka gen ladan pwosedi aranjman presi pou pwogram evalyasyon Eta a yo ansanm ak evalyasyon nan salklas yo. Yo mete lòt enfòmasyon anplis tankou premye nòt IPT/IRW ak done aktyèl evalyasyon Eta a yo nan plan ELL la.

[Plan ELL OCPS pou Ane 2019-2022](#)

## **Seksyon 4: Egzijans Pwogram Global yo ak Ansèyman Elèv yo**

### **Modèl Pedagojik yo**

**Anplis de estrateji yo egzije pwofesè ki anseye ELL yo itilize nan kou Anglè pou Moun ki Pale Lòt Lang yo (ESOL), ki modèl oswa apwòch (yo) pedagojik yo itilize pou asire yo bay ansèyman konpreyasif? W ap ka jwenn deskripsyon chak modèl nan manyèl baz done aktyèl Depatman Edikasyon Florid la (FDOE) ki sou sitwèb FDOE a. *(Chwazi tout opsyon ki aplike yo)***

- Anglè Syans Imèn Pwoteje
- Matyè Santral/Debaz Pwoteje yo
- Anglè Lang Syans Imèn Klasik-Enklizyon
- Matyè Santral/Debaz Klasik-Enklizyon yo
- Antretyen ak Devlopman Edikasyon Bileng
- Devlopman Edikasyon Bileng Lang Doub (bidireksyonèl)

**Dekri kòman yo itilize modèl pedagojik yo nan LEA. Eksplike kòman LEA pral kontwòle lekòl yo pou asire ke yo Reyalize modèl pedagojik yo avèk fidelite.**

Administratè sit la detèmine modèl pedagojik yo reyalize yo avèk apwobasyon Rektè Zòn Eskolè a. Depatman Pwogram Korektif ak Miltileng yo bay asistans pou asire ke elèv yo ak paran yo ka konprann enstriksyon yo epi yo konparab a enstriksyon pou elèv ki pa ELL yo.

Administratè sit la, Rektè Zòn Eskolè yo, ak Direktè Egzekitif Depatman Pwogram Korektif ak Miltileng yo kontwòle efò sa yo pa mwayen vizit yo fè nan lekòl yo ak vizit gide nan salklas yo.

Lekòl Elemantè yo: Yo itilize pifò modèl Klasik/Enklizyon an yo reyalize a pou ELA ak Matyè Santral/Debaz Eklizyon yo nan domèn kontni matyè yo. Aktyèlman la, gen 8 lekòl elemantè nan OCPS k ap mete sou pye yon Pwogram Devlopman Edikasyon Bileng Anglè/Panyòl Inidireksyonèl. Gen 10 lekòl tou k ap mete sou pye yon pwogram Lang Doub Bidireksyonèl.

Lekòl Primè yo: Pifò lekòl primè yo ki gen ladan lekòl ki gen plizyè nivo yo (K-8), gen yon Matyè ELA Klasik-Enklizyon ak Matyè Santral/Debaz Klasik/Enklizyon yo itilize pou kontni matyè kou yo. Yo ofri kou Devlopman Lang Anglè kòm yon kou opsyonèl pou elèv ELL ki fenk vini yo. Yo ap enskri elèv ELL ki fè yon nòt Nivo 1 oswa 2 nan tès FSA ELA yo nan pwogram Devlopman Lekti nan Lang Syans Imèn oswa Lekti Entansiv. Kèk lekòl primè te mete sou pye yon Matyè ELA Pwoteje ak Matyè Santral/Debaz Pwoteje pou elèv ELL ki te nan pwogram lan depi dezan oswa mwens yo. Gen de (2) lekòl tou k ap mete sou pye yon pwogram Lang Doub Bidireksyonèl.

Lekòl Segondè yo: Pifò lekòl segondè yo te mete sou pye yon Matyè ELA Klasik-Enklizyon ak Matyè Santral/Debaz Klasik-Enklizyon nan klas 9yèm ane a 12yèm ane yo, kote yo itilize estrateji ESOL yo pou Anglè ak pou kontni matyè yo. Yo ofri kou Devlopman Lang Anglè kòm yon kou opsyonèl pou elèv ELL ki fenk vini yo. Lekòl Segondè yo ofri Lekti Entansiv ak/oswa kou Devlopman Lekti nan Lang Syans Imèn kòm yon kou opsyonèl pou elèv ELL ki fè yon nòt Nivo 1 oswa 2 nan tès FSA ELA yo. Kèk lekòl segondè te mete sou pye yon pwogram Anglè Pwoteje ak Matyè Santral/Debaz Pwoteje pou elèv ki pa pale Anglè oswa ki pa byen metrize lang Anglè. Kou Pwoteje sa yo ofri devlopman kontni matyè ak metrize lang Anglè an menm tan.

Pwogram Altènativ Lekòl Primè ak Lekòl Segondè yo: Ofri Matyè ELA Klasik-Enklizyon ak Matyè Debaz Klasik/Santral ak matyè akademik.

Depatman Pwogram Korektif ak Miltileng lan ofri fòmasyon ak sipò pou lekòl yo nan kad reyalizasyon tout modèl pedagogik yo.

**Dekri pwosesis yo swiv pou verifeye ke ansèyman yo bay elèv ELL yo menm kantite, menm sekans, menm kalite, ak menm pòte ak ansèyman yo bay elèv ki pa ELL yo.**

Pou asire ke tout moun gen menm kantite aksè a ansèyman, yo mentni orè pou elèv ELL ki nan klas K-12 yo nan sistèm dosye/jesyon elèv la epi nan orè klas pwofesè yo. Kèlkeswa apwòch pedagogik yo mete sou pye a, elèv ELL yo ap resevwa ansèyman ki an liy ak nòm eta yo, ki konpreyansif, epi ki egal ak konparab nan kantite, sekans, kalite ak pòte ak ansèyman yo bay kamarad yo ki pa ELL yo. Administratè sit yo ap obsève evidans ki montre gen menm aksè pa mwayen vizit nan salklas yo, plan leson yo ak entèvyou y ap fè ak pwofesè yo. Byenke yo ka itilize materyèl pedagogik sipleman yo, liv lekòl yo itilize pou elèv ELL yo se menm ak liv yo itilize pou elèv ki pa ELL yo. Elèv ELL ki nan klas 9yèm ane a 12yèm ane yo dwe gen aksè a epi resevwa inite valè k ap konte pou diplòm yo nan matyè santral yo tankou Anglè Lang Syans Imèn, matematik, syans, syans sosyal, ak konpetans nan enfòmasyon.

Elèv ELL yo pa dwe double si yo pa te itilize estrateji pedagogik yo, bay yo materyèl, ak fè evalyasyon pou satisfè bezwen yo. Epiou, elèv ELL yo paka double baze sèlman sou konpetans yo nan lang. Yo dwe baze detèminasyon sa a (an pati) sou konpetans yo nan lekti, ekriti ak matematik. Pwofesè yo ka itilize evalyasyon altènativ yo, pòtfèy ak evalyasyon lang matènèl yo pou detèmine si yo te satisfè nòm kontni yo. Administratè ki baze nan lekòl yo, espesyalis konfòmite ESOL yo, konseye oryantasyon, ak anplwaye distri yo, responsab pou yo siveye epi asire yo ofri yon ansèyman konpreyansif.

**Kòman LEA detèmine si modèl pedagogik yo ap afekte pèfòmans elèv yo nan fason pozitif?**



Y ap siveye pèfòmans akademik elèv ELL yo pandan tout ane a pou asire yo ap fè pwogrè sou plan akademik ak lengwistik. Anplwaye administratif ak anplwaye sipò yo revize siksè modèl pedagogik yo pa mwayen obsèvasyon pwofesè yo, patisipasyon, prezans, nòt yo, ak evalyasyon elèv ELL yo onivo tout eta, pi presizeman AKSÈ pou ELL yo. Y ap mande opinyon pwofesè yo tou. Si modèl pedagogik la pa montre elèv la satisfè objektif pèfòmans pozitif li yo, kidonk yo ka konsidere yon modèl diferan.

### **Kòman yo asire ke elèv yo gen menm aksè a tout pwogram, sèvis ak etablisman ki disponib pou elèv ki pa ELL yo?**

Administratè yo, Espesyalis Konfòmite ESOL yo, ak konseye ki baze nan lekòl yo disponib pou yo asire ke elèv ELL yo gen menm aksè a tout pwogram, sèvis, ak etablisman lekòl yo epi ke elèv ELL gen menm dwa ak kamarad yo ki pa ELL yo. Espesyalis Konfòmite ESOL la ak ekip Pwogram Korektif ak Miltileng distri a yo sèvi kòm defansè pou elèv ELL yo ak fanmi yo pou asire yo gen menm aksè epi y ap responsab pou yo bay anplwaye k ap travay nan lekòl yo, ki gen ladan anplwaye bileng ki pa gen lisans pwofesyonèl yo, enfòmasyon ak fòmasyon sou menm aksè egal a tout pwogram ak sèvis pou elèv ELL yo.

### **Dekri metòd yo itilize nan LEA pou dokimante itilizasyon estrateji pedagogik ESOL yo ak fason yo kontwole yo.**

Plan leson pwofesè yo dokimante estrateji pedagogik pou elèv ELL yo epi administratè lekòl yo kontwole yo. Yo ankouraje pwofesè yo pou yo resevwa plis fòmasyon nan domèn Ansèyman Diferansye ak estrateji ESOL yo. Yo bay elèv yo sipò endividyèl oswa nan ti gwoup, baze sou bezwen elèv yo, pou yo ka sible pwen fèb espesifik ke AKSÈ pou ELL yo, IPT, FSA, i-Ready, ak EOC te idantifye yo jan ekip Sistèm Sipò a Plizyè Nivo a te detèmine a. Y ap plis kontwole estrateji pedagogik yo pa mwayen nòt detaye yo baze sou obsèvasyon yo fè nan salklas yo, entèvyou yo fè ak pwofesè yo, ak sipò endividyèl yo bay elèv yo ak done ki sòti nan I-Ready ak Image Learning.

### **Kòman LEA ak lekòl yo verifye ke yo bay elèv ELL yo ansèyman konpreyasif?**

Chak pwofesè salklas yo responsab pou yo enkòpore estrateji ESOL yo nan leson yo chak jou epi ofri evidans nan plan leson yo ke administratè lekòl yo ap verifye pandan vizit gide nan salklas yo, evalyasyon fòmèl ak enfòmèl pwofesè yo. Administratè lekòl yo evalye pwofesè yo pa mwayen K ad Pedagogik Pwofesè Marzano a. Yon eleman nan sistèm sa gen ladan evidans planifikasyon ak preparasyon pou bezwen Elèv k ap Aprann Lang Anglè yo (Domèn 2, Eleman 47).

Administratè lekòl yo, konseye yo ak Espesyalis Konfòmite ESOL yo pral rankontre ak pwofesè elèv ELL yo pou yo fè revizyon pou kontwole si pwogram lan apwopriye pou nivo elèv la. Revizyon yo dwe gen ladan enfòmasyon ki annapre yo:

- A. Revizyon nòt elèv la yo fè nan tout matyè yo
- B. Siveyans nivo pèfòmans elèv la nan matyè yo: Anseye Lekti ak Matematik pa mwayen zouti Siveyans Pwogrè eta apwouve yo
- C. Siveyans pèfòmans elèv la nan evalyasyon yo fè onivo eta a yo oswa tès ki itilize yon nòm kòm referans yo.
- D. Obsèvasyon nan salklas.

**Ki pwoteksyon yo mete an plas pou asire ke yo ofri tout elèv ELL yo menm aksè a pwogram yo ak pou yo resevwa ansèyman konpreyansif? Ekri non anplwaye lekòl la oswa anplwaye LEA ki responsab pou asire yo bay ansèyman konpreyansif.**

Administratè lekòl yo pral rankontre ak pwofesè elèv ELL yo pou yo asire yo gen menm aksè ak tout lòt elèv yo. Yo pral fè obsèvasyon nan salklas yo ak entèvyou ak pwofesè yo, epi y ap evalye materyèl pedagojik yo nan objektif pou yo siveye si pwogram elèv la ap swiv la apwopriye pou nivo li pou yo ka asire yo bay l ansèyman konpreyansif. Espesyalis Konfòmite ESOL yo ak Pwofesè Resous ESOL yo ap siveye vizit yo epi pèmèt yo fè pratik epi bay sipò pou devlopman pwogram detid yo.

**Ki zouti yo itilize pou kontwòle pwogrè pou asire ke tout elèv ELL yo ap byen metrize nòm kontni akademik, pwen konparezon yo ak nòm Devlopman Lang Anglè (ELD) ki nan nivo klas yo? (*Chwazi tout opsyon ki aplike yo*)**

Pòtfèy Elèv yo

Lòt Kritè Tès Referans (Presize) \_\_\_\_\_

Evalyasyon Lang Matènèl (Presize) Tejas Lee, LAS Links, I Station, (Pwogram Lang Doub Bireksyonèl yo)

Evalyasyon LEA/onivo tout lekòl la (presize) Tès Pwen Konparezon yo (PMAs), i-Ready

Lòt (Presize) Imagine Learning (Elèv K-8 ki fenk vini yo), Sistèm 44 (9-12)

**Pwogrè Elèv yo**

**Èske yo enkòpore nòm ak pwosedi LEA genyen pou avansman, plasman, ak double elèv ELL yo nan Plan Pwogrè Elèv (SPP) LEA a? Sinon, ki kote y ap ka jwenn enfòmasyon sa a?**

Wi -[Plan Pwogrè Elèv OCPS yo](#)

Non (Presize) \_\_\_\_\_

**Dekri kòman yo aplike Politik Bòn Koz la nan LEA ou a lè yo egzante elèv ELL ki te enskri nan pwogram lan pandan mwens pase dezan yo (baze sou DEUSS) de obligasyon pou yo double twazyèm ane a. Ekri kòman yo enfòmè paran yo oswa responsab timoun yo de desizyon bòn koz LEA pran yo.**

Jan yo endike nan Plan Pwogrè Elèv distri a, Rektè a ka bay elèv ki nan 3yèm ane yo egzansyon pou yo pa fè yo double pou bòn koz si elèv ELL yo te resevwa mwens pase de (2) zan ansèyman (dapre DEUSS) nan yon pwogram ESOL. Yo dwe pran desizyon yo dapre rekòmandasyon komite ELL la, ki gen ladan kòmantè paran yo, pwofesè yo ak anplwaye sipò yo. Y ap fè paran yo konnen Egzansyon Bòn Koz pou elèv ELL yo nan lang matènèl yo, jan sa posib.

**Dekri ki wòl Komite ELL la jwe nan pwosesis desizyon pou yo fè nenpòt elèv double oswa avanse al nan lòt klas epi ki rekòmandasyon yo te itilize pou sipòte desizyon sa yo.**

Yon komite ELL rankontre pou yo revize dokiman ak done yo avan yo fè rekòmandasyon pou yo double oswa avanse yon elèv ELL al nan lòt klas. Lè yo ap detèmine si pou yo double oswa avanse yon elèv ELL al nan lòt klas, enfòmasyon ak dokiman yo konsidere yo gendwa, men pa sèlman pèfòmans yo nan salklas, rezilta tès pwen konparezon yo, done evalyasyon onivo eta a yo, pwogrè nan pwosesis

aprantisaj lang Anglè a, zouti pou kontwòl pwogrè tankou i-Ready, Aktivite pou Kontwòl Pwogrè yo (PMA), ak entèvyou yo fè ak paran/elèv la.

Komite a bay direktè lekòl la yon rekòmandasyon. Direktè lekòl la voye yon desizyon final bay Rektè Eskolè Zòn lan.

## **Seksyon 5: Evalyasyon Onivo Tout Eta a yo (Règ 6A-6.09091, F.A.C.)**

### **Evalyasyon Onivo Tout Eta a**

**Dekri pwosesis pou asire ke tout elèv ELL yo patisipe nan pwogram evalyasyon onivo tout eta Florid la yo. Ekri kòman yo fòme anplwaye ki responsab pou siveye evalyasyon yo epi mentni dokiman ki annapre yo:**

Direktè egzekitif Pwogram Korektif ak Miltileng yo travay ak Direktè Evalyasyon Distri a ak Direktè Devlopman ak Mezi Tès yo pou yo jenere ak distribiye lis elektwonik ki gen non tout elèv ELL ki pral pran egzamen nan syèj lekòl yo, ansanm ak, direktiv ak materyèl ke siveyan egzamen ki baze nan lekòl yo itilize pou fè referans kwaze ak pou asire ke yo evalye tout elèv ELL yo nan fason apwopriye. Yo ofri kowòdonatè egzamen ak Espesyalis Konfòmite ESOL lekòl yo atelye fòmasyon fòmètè, epi an retou yo pral bay fòmasyon an pou anplwaye lekòl yo ki pral siveye evalyasyon elèv ELL yo kote y ap mete yon aksan espesyal sou aranjman pou egzamen yo. Biwo Rechèch, Responsablite, ak Sibvansyon an ofri dokiman yo anrejistre alavans pou lekòl yo ka mentni epi dokimante aranjman ELL yo, ansanm ak politik pwosediral ak done sou responsablite yo. Yo ka ofri aranjman pou elèv ELL k ap resevwa sèvis nan yon pwogram ELL k ap fonksyone konfòmeman ak yon Plan ELL yo apwouve, epi k ap pran egzamen eta egzije yo. Toutfwa, yo dwe detèmine nan fason endividyèl melanj aranjman egzamen yo ka ofri yon elèv patikilye, lè yo konsidere bezwen elèv la ak rekòmandasyon ekip elèv la te fè yo. Aranjman yo fè pou elèv ELL yo pandan y ap pran egzamen FSA, EOC, ak AKSÈ pou ELL yo dwe swiv direktiv yo jan yo preskri nan manyèl evalyasyon respektiv yo.

### **Evalyasyon kontni matyè onivo tout eta a yo:**

Tout elèv ELL yo pral patisipe nan evalyasyon onivo tout eta a yo. Direktè Egzekitif Pwogram Korektif ak Miltileng yo travay ak Direktè Evalyasyon Distri a, kowòdonatè egzamen lekòl yo, ak pwofesè yo pou yo asire ke tout elèv ELL yo patisipe nan pwogram evalyasyon onivo tout eta a yo epi yo te fè aranjman apwopriye pou yo nan egzamen an.

Espesyalis Konfòmite ESOL la ap asire ke yo fè aranjman pou egzamen onivo tout eta a ke yo endike nan Manyèl Administrasyon Egzamen an epi ki gen ladan anviwònman fleksib, orè fleksib, lè fleksib, asistans nan lang eritaj la, ak itilizasyon diksyonè motamo Anglè a Lang Eritaj la yo. Anplis de sa, y ap itilize aranjman sa yo anndan salklas ESOL la epi nan evalyasyon nan salklas klasik yo.

### **Pwogram Evalyasyon AKSÈ pou ELL yo:**

Y ap evalye metriz lang elèv ki gen kòd LY yo apati premye jou administrasyon AKSÈ pou ELL yo. AKSÈ pou ELL yo se yon evalyasyon nan papye pou elèv ki nan 1yè an a 12yèm ane yo: Y ap fè elèv yo fè seksyon Pale egzamen an fas a fas; y ap fè yo fè seksyon Tande, Lekti, ak Ekriti a nan yon anviwònman an gwoup. AKSÈ pou ELL Kindègadenn yo se yon evalyasyon nan papye pou kindègadenn kote elèv yo fè tout seksyon egzamen an yo, fas a fas. AKSÈ pou ELL Altènatif la se yon

evalyasyon nan papye pou elèv ki nan klas 1yèm ane a 12yèm ane ki gen andikap entèlektyèl sevè yo kote elèv yo fè tout seksyon egzamen an yo, fas a fas.

Ki tit moun nan lekòl la ki responsab pou asire ak dokimante ke yo fè aranjman apwopriye pou egzamen yo (dapre egzijans administrasyon egzamen yo) pou tout elèv ELL yo.

Administratè Lekòl yo  
Konseye oryantasyon lekòl yo  
Kowòdonatè egzamen ki baze lekòl yo  
Espesyalis Konfòmite ESOL yo  
Pwofesè k ap siveye egzamen yo

**Dekri kòman yo enfòme paran elèv ELL yo de aranjman y ap fè pou evalyasyon ak egzamen yo. Kòman LEA asire ke paran yo konprann politik, manda enstitisyonèl evalyasyon onivo tout eta a yo ak rezilta elèv yo?**

Gen yon kalandriye ki gen orè egzamen yo disponib sou sitwèb distri a. Y ap mete kalandriye a ajou epi y ap revize l amezi eta oswa distri a mete orè egzamen yo ajou. Avan dat evalyasyon yo, y ap enfòme paran yo de tout politik ak manda enstitisyonèl egzamen onivo tout eta a yo nan yon lang yo ka konprann, amwenske li vrèman pa posib. Y ap voye yon lèt ba paran elèv ELL yo k ap eksplike yo aranjman yo pèmèt yo fè pou egzamen yo k ap gen ladan tou langaj espesifik pou opsyon anviwònman fleksib yo. Paran yo gen dwa pou yo chwazi yon anviwònman fleksib pou timoun yo pran egzamen an. Y ap enfòme paran yo de rezilta egzamen yo pa mwayen yon kanè nòt endividyèl pou elèv la k ap endike nivo pèfòmans elèv la ansanm ak gid pou ede yo entèprete nòt yo. Gid sa yo disponib nan plizyè lang. Paran oswa pwofesè a ka mande pou fè yon konferans paran/pwofesè avèk yon tradiktè prezan si yo bezwen, pou yo diskite politik, manda enstitisyonèl yo, ak rezilta evalyasyon yo.

[Lèt yo Voye Bay Paran yo Konsènan Aranjman FSA yo](#)

[Lèt AKSÈ yo Voye Bay Paran](#)

## **Seksyon 6: Evalyasyon Anyèl sou Metriz Lang Anglè a (Règ 6A-6.0903, F.A.C.)**

**Dekri pwosedi yo swiv pou detèmine si elèv ELL yo prè pou yo kite pwogram ESOL LEA a. Ekri pwosedi yo swiv pou tout domèn lang yo (tande, pale, lekti ak ekriti), kritè akademik ki espesifik pou klas yo ak rapò done sou chanjman estati a.**

Yo baze kritè sòti yo sou nòt evalyasyon yo dapre règ 6A-6.0903. Pou elèv k ap pran nenpòt administrasyon AKSÈ pou ELL Kindègadenn yo, nivo metriz lang Anglè yo dwe yon nòt konpoze 4.0 oswa plis, epi omwen 4.0 nan domèn lekti. Kòd sòti a se H.

Pou elèv k ap pran nenpòt administrasyon AKSÈ pou ELL Kindègadenn yo, nivo metriz lang Anglè yo dwe yon nòt konpoze 4.0 oswa plis, epi omwen 4.0 nan domèn lekti. Kòd sòti a se H.

Pou elèv nan klas 1yè ane ak 2yèm ane k ap pran nenpòt administrasyon AKSÈ pou ELL yo, nivo metriz nan lang Anglè yo dwe yon nòt konpoze 4.0 oswa plis, epi omwen 4.0 nan domèn lekti. Kòd sòti a se H.

Pou elèv ki nan klas 3yèm ane a 10yèm ane k ap pran nenpòt administrasyon AKSÈ pou ELL yo, nivo metriz lang Anglè yo dwe yon nòt konpoze 4.0 oswa plis, epi omwen 4.0 nan domèn lekti epi gen yon nivo akonplisman omwen twa (3) nan evalyasyon FSA ELA. Kòd sòti a se I.

Pou elèv ki nan klas 10yèm ak 12yèm ane k ap pran nenpòt administrasyon AKSÈ pou ELL yo, nivo metriz nan lang Anglè yo dwe yon nòt konpoze 4.0 oswa plis, epi omwen 4.0 nan domèn lekti ak yon nòt 3 oswa plis lè yo rebran evalyasyon FSA ELA oswa yon nòt pasaj nan tès SAT oswa ACT. Kòd sòti a se J.

Pou elèv ki gen nenpòt andikap entèlektyèl sevè k ap pran nenpòt administrasyon evalyasyon AKSÈ pou ELL Altènativ yo, nivo metriz nan lang Anglè yo dwe yon nòt konpoze P1 oswa plis, oswa yon komite ELL/IEP ap mete yo deyò. Espesyalis Konfòmite ESOL la pral chanje kòd elèv la sòti LY pou vin LF epi y ap siveye elèv la pandan dezan. Y ap fè paran yo konnen elèv k ap sòti yo nan yon lèt y ap voye nan lang matènèl timoun lan, amwenske li vrèman pa posib.

Ki tit moun ki responsab pou yo fè evalyasyon sòti yo dekri anwo yo? (Chwazi tout opsyon ki aplike yo.)

- Administratè egzamen ki baze nan Lekòl/LEA a
- Pwofesè/Kowòdonatè ESOL
- Lòt (Presize) Asistan Pwogram Distri a

### **Kilè yon Komite ELL patisipe nan pwosesis desizyon sòti yo? Ki kritè Komite a te itilize pou yo detèmine metriz lang ak akademik yo?**

Si rezilta evalyasyon yo pa konplètman kapte bezwen akademik oswa lengwistik elèv la, yo ka mande pou yon Komite ELL rankontre pou yo diskite opinyon paran yo, pwofesè yo, ak anplwaye sipò yo epi yo pran desizyon sou plasman yo. Yon Komite ELL ka rekòmande pou elèv la kite pwogram lan avèk konsiderasyon done eksepte evalyasyon onivo tout eta a tankou pòtfèy elèv yo oswa evalyasyon altènativ yo. Yon Komite ELL la ka rankontre tou pou yo fè yon elèv sòti nan pwogram ESOL la si gen ase evidans ki endike ke metriz lang Anglè pa koz prensipal ki ap anpeche elèv la atenn metriz swa nan egzamen Metriz Lang Anglè Eta a oswa Evalyasyon Akademik Eta a. Elèv la ka gen bezwen akòz yon lòt andikap yo dokimante ke y ap satisfè gras a plan IEP a oswalòt plan pou elèv la. Kèlkeswa rezon ki fè yo vle elèv la sòti a, Komite ELL la dwe revize dosye akademik ak metriz lang Anglè yo epi dokimante omwen de (2) pami senk kritè ki nan lis ki annapre a pou yo fè yon elèv sòti.

- a. Pòte ak nati eksperyans edikativ oswa akademik, eksperyans sosyal yo te gen avan yo, ak yon entèvyou y ap fè ak elèv la,
- b. Rekòmandasyon ak obsèvasyon ke pwofesè ak anplwaye sèvis sipò ansyen ak aktyèl yo fè alekri,
- c. Nivo metriz konesans oswa konpetans debaz yo nan lang Anglè oswa lang eritaj la dapre nòm lokal, eta oswa nasyonal ki sèvi kòm referans pou kritè yo,
- d. Nòt yo fè pandan ane aktyèl yo oswa anvan yo, oswa
- e. Rezilta lòt tès ki pa evalyasyon dantre yo

### **Dekri pwosedi yo swiv si yon elèv ELL satisfè kritè sòti yo nan mitan yon peryòd notasyon.**

Byenke elèv ELL yo souvan sòti nan pwogram ESOL la lè yo satisfè kritè sòti yo pa mwayen evalyasyon, yo ka refere elèv ELL yo pou yo sòti nan pwogram lan a nenpòt ki moman pandan ane lekòl la. Piske yo jeneralman itilize done AKSÈ pou ELL yo ak FSA ELA yo kòm enstriman pou yo pran desizyon sòti yo, epi yo tipikman resewa done sa yo pandan ete, nenpòt desizyon sòti yo pran nan mitan peryòd notasyon an oswa pandan ane lekòl la mande pou desizyon Komite ELL la baze sou analiz done ak evalyasyon aktyèl elèv yo. Y ap fè yo pran yon Evalyasyon aktyèl sou metriz lang Anglè (IPT ak IRW) nan tandè, pale, li, ak ekri, epi y ap fè revizyon nòt nan kanè yo, siveyans pwogrè nòt yo, ak done pòtfèy yo. Y ap mande opinyon pati prenan yo tankou paran yo, pwofesè yo, ak anplwaye

sipò yo tou. Kòd sòti a pral L, epi kòd elèv la pral chanje sòti LY vin LF.

## **Seksyon 7: Pwosedri Siveyans yo (Règ 6A-6.0903, F.A.C.)**

Pandan peryòd dezan siveyans obligatwa a, ki tit moun ki responsab pou yo:

Fè swivi pèfòmans ansyen elèv ELL yo? Espesyalis Konfòmite ESOL yo ak/oswa reprezantan Administratè a deziyen an

Mete plan ELL pou elèv yo ajou? Espesyalis Konfòmite ESOL yo ak/oswa reprezantan Administratè a deziyen an

Reklasifye estati elèv ELL yo nan sistèm rapò done yo? Espesyalis Konfòmite ESOL yo ak/oswa reprezantan Administratè a deziyen an

Ki dokiman yo itilize pou kontwole pwogrè elèv la? (Chwazi tout opsyon ki aplike yo)

- Kanè yo
- Nòt Egzamen yo
- Pèfòmans yo nan salklas la
- Kòmantè Pwofesè a
- Lòt (presize) Done nan Imagine Learning, iReady, iStation

**Ki pwosedri (yo), ki gen ladan reklasifikasyon potansyèl, ke yo mete sou pye lè pèfòmans akademik ansyen elèv ELL yo pa nan nivo klas yo?**

Yo pral revize pèfòmans ansyen elèv ELL yo (LF) pou asire yo atenn pwogrè akademik.

Selon direktiv Dekrè Konsantman yo, y ap fè revizyon yo jan yo presize anba la:

Siveyans A - premye kanè apre yo sòti nan pwogram ESOL la;

Siveyans B - nan fen premye semès la;

Siveyans C - nan fen premye ane a;

Siveyans D - nan fen dezyèm ane a.

Pwosedri yo swiv lè pèfòmans akademik ansyen elèv ELL yo pa nan nivo klas yo se:

- a) Yo refere elèv la bay Komite ELL la.
- b) Komite ELL la revize kanè yo, pòtfèy elèv yo, atent Nòm Florid yo, pèfòmans yo nan evalyasyon distri/eta a yo, kòmantè paran/pwofesè yo, kantite ane elèv la te enskri nan pwogram ESOL la ak metriz aprantisaj lang.
- c) Komite ELL la ka detèmine pou elèv la kontinye nan pwogram klasik la.
- d) Komite ELL la ka detèmine ke yo bezwen reklasifye elèv la kòm ELL, avèk kòd LY epi reyantre l nan pwogram lan oswa refere l pou l fè plis evalyasyon.

Espesyalis Konfòmite ESOL la oswa reprezantan administratè a deziyen an ap responsab pou yo kòmanse yon nouvo Plan ELL pou Elèv yo epi mete sistèm jesyon elèv la ajou epi asire yo mete l nan plasman apwopriye apre yo fin reevalye elèv la. Done orijinal elèv la yo ap rete menm jan. Yo ka fè elèv la rete nan pwogram ELL la pou yon ane anplis, oswa pwolonje l chak ane pou yon peryòd ki pa dwe

depase sizan baze sou evalyasyon anyèl estati elèv la. Mank elijiblite pou finansman ELL la pa retire responsablite distri genyen pou yo ofri sèvis apwopriye pou elèv ELL yo apre sizan finansman eta bay pou pwogram ELL la.

## **Konfòmite Plan ELL la ak Pèfòmans Elèv yo**

### **Dekri pwosedi entèn LEA swiv pou kontwòl pwogram ESOL la sou plan konfòmite ak pèfòmans akademik elèv yo.**

Espesyalis Konfòmite ESOL la oswa reprezantan administratè a deziyen an responsab pou mentni dosye sa yo. Y ap kontwòle pwogrè elèv yo nan Plan ELL la epi y ap baze sou konpetans sible yo idantifye pandan egzamen inisyèl la, AKSÈ pou ELL yo, ak evalyasyon akademik yo. Y ap mentni rezilta evalyasyon yo ak konpetans sible yo nan Plan ELL la epi y ap kontwòle yo pandan tout dire ane lekòl la pou yo ka demontre metriz konsèp pwosesis aprantisaj kle lang Anglè a yo.

Espesyalis nivo sètifikasyon distri yo deziyen an responsab pou kontwòl dosye fòmasyon pwofesè yo pou yo ka konfòm ak egzijans ESOL yo.

Yo mete Plan ak Orè ELL pou Elèv yo ajou chak ane epi Espesyalis Konfòmite ESOL la ak anplwaye pwogram ESOL administratè a deziyen nan lekòl la responsab pou fè kontwòl yo pou asire yo bay elèv ELL yo kòd apwopriye pwogram lan ki se 130.

Y ap kontwòle prestasyon ansèyman konpreyansif pa mwayen obsèvasyon nan salklas yo ak plan leson pwofesè yo ke administratè lekòl yo revize yo.

### **Kòman syèj lekòl yo, paran yo ak pati prenans yo jwenn aksè a Plan ELL Distri yo apwouve a?**

Plan ELL yo disponib sou sitwèb distri a. Y ap bay paran yo enfòmasyon konsènan kote pou yo jwenn aksè a Plan ELL distri a pandan rankont Konsèy Lidèchip Paran Miltileng lan (MPLC) yo. Paran yo ka mande pou yo ba yo kopi plan an a nenpòt ki moman. Y ap tradui Plan ELL Distri a an Panyòl, Kreyòl Ayisyen ak Pòtigè.

### **Kòman LEA asire ke lekòl yo ap reyalize Plan ELL Distri a?**

Administratè Distri ki sòti nan biwo Pwogram Korektif ak Miltileng yo pataje Plan ELL Distri a avèk administratè ki baze nan lekòl yo epi yo garanti ke pratik pedagogik ak pwosedi apwopriye yo an plas. Y ap revize vizit gide ak obsèvasyon nan salklas yo, ak dokimantasyon atik konfòmite yo tou pou asire ke lekòl yo ap reyalize plan distri a. Epitou, y ap diskite plan distri a pandan rankont MPLC yo epi ap gen tradiktè disponib, epi yo ankouraje paran yo fè kòmantè oswa bay opinyon yo pou reyalizasyon an ka yon reyisit.

## **Seksyon 8: Avi ak Dwa Paran yo, Responsab yo, Elèv yo**

Dekri pwosedi yo itilize yo epi ofri yon lyen a avi pou paran yon elèv ELL yo idantifye pou patisipe nan yon pwogram edikatif pou ansèyman lang. Konfòmeman ak Lwa sou Reyisit Chak Elèv la (ESSA), ak dapre konsèy eta a, avi sa dwe defini:

1. Rezon ki fè yo idantifye timoun yo a kòm yon elèv ELL ak rezon ki fè yo bezwen mete timoun lan nan yon pwogram edikatif pou ansèyman lang;
2. Nivo metriz timoun lan nan Anglè, fason yo te evalye nivo sa, ak estati akonplisman akademik timoun lan.

3. Metòd ansèyman yo itilize nan pwogram kote timoun yo a ap, oswa pral, patisipe a ak metòd ansèyman yo itilize nan lòt pwogram ki disponib yo, ki gen ladan fason pwogram sa yo diferan nan kontni, objektif ansèyman yo, ak itilizasyon Anglè ak lang matènèl la nan ansèyman;
4. Fason pwogram kote timoun yo a ap, oswa pral, patisipe a pral satisfè pwen fò ak bezwen edikatif timoun yo a;
5. Fason pwogram sa a pral espesifikman ede timoun yo a aprann Anglè epi satisfè nòm akonplisman akademik ki apwopriye pou laj yo pou yo avanse al nan lòt klas ak pou yo gradye.
6. Egzijans espesifik pou elèv yo sòti nan pwogram lan, ki gen ladan vitès tranzisyon yo prevwa sòti nan pwogram sa al nan salklas ki pa adapte pou elèv ELL yo, ak to gradyasyon yo prevwa nan lekòl segondè yo (pou elèv ki nan lekòl segondè yo);
7. Nan ka yon elèv ki gen yon andikap, fason pwogram sa ap satisfè objektif pwogram edikasyon endividalize elèv la; epi
8. Enfòmasyon konsènan dwa parantal yo ki gen ladan direktiv alekri;
  - a. ki dekri an detay dwa paran yo genyen pou yo retire timoun yo nan pwogram lan imedyatman lè yo mande;
  - b. ki dekri an detay opsyon paran yo genyen pou yo refize enskri timoun yo nan pwogram sa oswa pou yo chwazi yon lòt pwogram oswa metòd ansèyman, si genyen ki disponib; epi
  - c. k ap ede paran yo chwazi pami plizyè pwogram ak metòd ansèyman, si yo ofri plis pase yon pwogram oswa metòd.

Pou satisfè règ konfòmite ESSA, li obligatwa pou distri yo enfòme paran yon elèv yo idantifye kòm ELL pou l patisipe nan pwogram lan pa pita pase 30 jou apre kòmansman ane lekòl la. Pou timoun yo idantifye kòm elèv ELL pandan ane lekòl la, distri a dwe enfòme paran yo pandan de premyè semèn apre yo mete timoun ou an nan pwogram ESOL la. Yo pral enfòme paran yo pa mwen lèt, ke y ap mentni nan Plan ELL elèv la. Yo dwe bay paran yo, tout lèt ansanm ak tout kominikasyon ki genyen ant lekòl la ak lakay yo nan yon lang yo ka konprann amwenske li vrèman pa posib.

### [Fòmilè Avi sou Elijiblite/Plasman Anyèl la](#)

### **Dekri pwosedi anplwaye lekòl yo swiv pou yo bay paran oswa responsab elèv ELL yo asistans nan lang lakay yo.**

Y ap bay paran/responsab elèv yo tout kominikasyon vèbal ak ekri yo nan lang lakay yo, nenpòt lè sa posib. Y ap bay asistans lang pa mwayen anplwaye lekòl ak anplwaye distri yo ki pale lang lakay paran/responsab elèv la, tankou mesaj yo anrejistre alavans ki gen enfòmasyon ijan yo voye dirèkteman bay paran/responsab elèv la pa telefòn, enfòmasyon yo poste sou sitwèb distri a ak enfòmasyon yo entèprete nan evènman k ap fèt nan lekòl la yo ak nan espas kominotè yo jan sa posib. Yo ofri sèvis tradiksyon, espesifikman nan lang yo mwens pale yo, pa mwayen anplwaye bileng ak vandè distri a apwouve yo ki ofri tradiksyon fas a fas ak pa telefòn.

### **Dekri aktivite sansibilizasyon ki sible paran yo pou enfòme paran yo sou fason yo ka patisipe nan edikasyon timoun yo ak fason yo ka ede timoun yo aprann Anglè epi satisfè nòm akademik eta a yo.**

Pwogram Korektif ak Miltileng yo travay ak lòt inisyativ k ap ankouraje patisipasyon fanmi onivo distri a yo tankou Akademi Paran mansyèl Depatman Tit I an yo kote paran elèv ELL yo gen chans pou yo patisipe nan atelye sou yon bann varyete sijè. Ajans kominotè yo, anplwaye onivo distri yo k ap sòti nan plizyè depatman prezante atelye sa yo, epi anplwaye miltileng yo toujou gen yon atelye yo prezante ki titre, "Kisa ESOL ye?" an Panyòl ak an Anglè. Yo òganize akademi sa yo lè samdi epi yo mete tradiksyon yo disponib lè paran mande yo. Anplis de sa, MPLC nan chak lekòl yo ofri omwen de atelye



pou paran yo, youn chak trimès pou fanmi ELL yo.

Depatman Pwogram Korektif ak Miltileng lan ofri enfòmasyon famiyal ak fwar anrichisman chak prentan kote yo envite paran yo vin aprann plis enfòmasyon sou resous ki gen nan distri a ak nan kominote a nan ajans kominotè yo, nan ti inivèsite ak gran inivèsite lokal yo, ak lòt depatman ki anndan distri lekòl la. Yo òganize fwar enfòmasyonèl sa a dekonsè ak seremoni Prim Espri Ekselans distri a kote yo rekonèt elèv ELL yo ak anplwaye lekòl yo pou akonplisman akademik yo ak angajman yo pran pou yo pwomouvwa meyè pratik pou elèv ELL yo.

Tcheke kominikasyon ant lekòl ak lakay LEA oswa lekòl la voye bay paran oswa responsab elèv ELL yo ki nan yon lang paran oswa responsab elèv yo ka konprann. (Chwazi tout opsyon ki aplike yo. Tanpri bay lyen pou tout bwat ki koche yo.)

**Lyen:** <https://ocps.instructure.com/courses/868740>

- Rezilta evalyasyon metriz lang yo
- Plasman nan pwogram lan
- Opsyon modèl prestasyon pwogram lan (yo)
- Pwolonjman ansèyman ESOL la
- Sòti nan pwogram ESOL la
- Kontwòl ansyen elèv ELL yo apre reklasifikasyon yo
- Reklasifikasyon ansyèn elèv ELL yo
- Egzamen Eta ak/oswa LEA
- Aranjman pou egzamen yo (anviwònman fleksib)
- Evalyasyon anyèl pou devlopman lang
- Kwasans nan metriz lang (Tande, Pale, Li, Ekri)
- Egzansyon nan FSA nan ELA pou elèv ELL yo ki gen DEUSS depi mwens pase yon ane
- Double/Ratrapaj/Bòn Koz
- Tranzisyon anvè klas regilyè oswa chanjman kou
- Envitasyon pou patisipe nan Rankont Komite ELL la
- Envitasyon pou patisipe nan Konsèy Lidèchip Paran an (PLC)
- Pwogram espesyal yo tankou Elèv Fò, ESE, Plasman Avanse, enskripsyon doub, Pre-K, Karyè ak Ansèyman Pwofesyonèl, lekòl piblik sou kontra yo, ak aktivite sipò pou elèv yo
- Manje midi gratis/rabè sou pri a
- Opsyon chwa parantal yo, amelyorasyon estati lekòl la, ak avi sou pwofesè k ap anseye nan domèn yo pa gen lisans yo
- Fòmilè ak egzajans enskripsyon yo
- Fòmilè disiplinè yo
- Enfòmasyon sou Nòm Florid yo ak Nòm Devlopman Lang Anglè yo (ELD)
- Enfòmasyon sou travay kominotè ki disponib pou paran yo
- Enfòmasyon sou opòtinite pou ankouraje patisipasyon paran yo (volontarya, PTA/PTO, SAC)
- Kanè yo\*
- Lòt (Presize) \_\_\_\_\_

\*Anplwaye bileng OCPS yo ap ede paran yo entèprete nòt yo ak atant elèv yo. Lyezon paran bileng yo ki sòti nan Biwo Pwogram Korektif ak Miltileng lan ap sipòte paran yo tou lè yo ede tradui kanè yo pandan konferans paran-pwofesè yo.

## **Seksyon 9: Konsèy Lidèchip Paran an (Règ 6A-6.0904, F.A.C.)**

**Ki kalite Konsèy Lidèchip Paran an (yo) (PLC) ki egziste nan LEA? (Chwazi tout opsyon ki aplike yo. Tanpri bay lyen pou tout ajanda apatenans nan konsèy la ak rankont yo.)**

- Onivo LEA
- Onivo Lekòl

Tanpri dekri fonksyon ak konpozisyon PLC a:

Objektif MPLC a yo se pou familiarize paran elèv ELL yo ak anplwaye yo ak sèvis ki disponib endividyèlman nan syèj lekòl yo; yo ofri paran elèv ELL yo yon opòtinite pou yo jwe yon wòl aktif nan desizyon k ap afekte edikasyon timoun yo, epi konsilte anplwaye lekòl yo ak bay opinyon yo sou objektif ki gen rapò ak pwogram lan. MPLC a gen ladan majorite paran elèv ELL aktyèl yo, ansanm ak ansyen elèv ELL yo, ak Espesyalis Konfòmite ESOL la. Y ap envite lidè kominotè ak defansè ELL yo pou yo patisipe tou kòm manm. Fonksyon prensipal MPLC Distri a se pou yo fè rekòmandasyon pou plan ELL Distri a ak pou asire ke Plan globalman satisfè bezwen edikatif elèv ELL yo.

**PLC a "gen ladan majorite paran elèv ki gen konpetans limite nan lang Anglè yo." Si PLC ki nan LEA yo pa satisfè kondisyon sa a, eksplike poukisa ak kilè yo atann pou yo konfòm ak règ la.**

Tout manm Konsèy Lidèchip Paran Miltileng distri a yo se paran elèv ELL yo ye.

**Kòman LEA ankouraje PLC a pou yo patisipe nan lòt komite LEA yo?**

MPLC a devlope yon anviwònman lekòl ki ankouraje kominikasyon lède kote ant lakay ak lekòl la epi yo rankontre omwen yon fwa pa trimès nan chak lekòl. Distri MPLC a rankontre omwen de fwa chak ane. Manm MPLC yo patisipe aktivman nan Komite Konsiltatif Lekòl yo, Komite Plan ELL Distri a, Asosyasyon Paran Pwofesè a, ansanm ak Komite Seleksyon Prim Espri Ekselans lan. MPLC Distri a bay rekòmandasyon pou plan ELL Distri a. Ofisye yo revize ak apwouve Plan ELL Distri a tou avan yo soumèt li pou Komisyon Eskolè ak DOE Eta a apwouve l.

**Kòman PLC LEA patisipe nan devlopman Plan ELL Distri a?**

MPLC distri a ofri kòmantè pandan devlopman Plan ELL la epi yo revize Plan ELL Distri a nan yon rankont MPLC a pwograme. Tradiktè yo disponib pou yo ofri asistans lang ak klarifikasyon. Manm MPLC yo ka mande yon vèsyon plan pa imèl si yo paka ale nan rankont lan. Yo ankouraje paran yo bay opinyon yo epi y ap abòde tout opinyon yo pandan rankont y ap fè apre yo, jan sa nesèsè. Apre manm MPLC a yo fin fè revizyon an, Prezidan an ap siyen ak apwouve Plan ELL Distri a.

**Èske PLC LEA apwouve Plan ELL Distri a?  Wi  Non**

Si non, tanpri eksplike poukisa PLC a pa apwouve l.

## **Seksyon 10: Fòmasyon Anplwaye yo (Règ 6A-6.0907 ak 6A-1.0503, F.A.C.)**

Dekri fason yo enfòme pwofesè Kategori I ki responsab pou anseye Anglè Lang Syans Imèn ak lekti entansiv pou elèv ELL, ke li obligatwa pou yo resevwa sètifikasyon valide/sètifikasyon ESOL yo, de egzijans ak opòtinite fòmasyon yo. Ekri tit moun (yo) ki responsab pou yo bay avi yo ak kòman yo dokimante pwosesis la.

Anplwaye ki pral pwofesè prensipal k ap anseye kou Anglè oswa Lang Syans Imèn ak lekti pou yon elèv ELL dwe gen lisans apwopriye pou yo anseye ESOL. Pwofesè yo ka konfòm pa mwayen yon sètifikasyon valide ESOL enfize ki asosye ak yon pwogram preparasyon pwofesè Depatman Edikasyon Florid la (FDEO) apwouve, ke y ap souvan konplete avan yo anboche yo. Pwofesè yo ka konplete yon pwogram sètifikasyon valide distri sipleman tèn ke FDEO apwouve lè yo pran 300 èdtan pandan yo nan travay la tankou a) Metòd Ansèyman ESOL, d) Devlopman Pwogram Detid ak Materyèl ESOL, c) Kominikasyon ak Konpreyansyon Entèkiltirèl, d) Lengwistik Aplike, ak e) Tès ak Evalyasyon ESOL. Pwofesè yo ka pase egzamen matyè ESOL la epi konplete 120 èdtan fòmasyon ESOL nan lespas twa zan tou. Yo ka itilize fòmasyon ESOL ke yo te resevwa avan, epi yo dwe mentni prèv dokimantasyon yo nan dosye pèsonèl pwofesè a. Manm anplwaye ki nan depatman sètifikasyon an pral ede anplwaye ki te konplete egzijans pou Sètifikasyon Valide ESOL yo, avan yo travay, pou yo soumèt demann Sètifikasyon ESOL Valide a nan Biwo Sètifikasyon Anseyan an.

Depatman Sètifikasyon OCPS la responsab pou yo enfòme anplwaye yo de egzijans sètifikasyon yo epi kontwole si yo konfòm. Biwo Pwogram Korektif ak Miltileng lan responsab pou yo bay anplwaye yo enfòmasyon konsènan kou Sètifikasyon ESOL Valide yo tankou fè piblisite ak pwogramasyon pou kou sa yo. Y ap pwograme, kontwole, kowòdone, epi bay kou sa yo tou. Yo ka reklame FTE 130 pondere pou pwofesè sa yo.

**Dekri fason yo enfòme pwofesè ki anseye kontni matyè matematik, syans, syans sosyal, ak konesans nan enfòmasyon yo de egzijans ak opòtinite fòmasyon yo (60 èdtan). Ekri tit moun (yo) ki responsab pou yo bay avi yo ak kòman yo dokimante pwosesis la.**

Depatman Sètifikasyon OCPS la responsab pou yo enfòme anplwaye yo de egzijans sètifikasyon yo epi kontwole si yo konfòm. Biwo Pwogram Korektif ak Miltileng lan responsab pou yo bay anplwaye yo enfòmasyon konsènan kou Sètifikasyon Valide ESOL yo tankou fè piblisite ak pwogramasyon pou kou sa yo. Y ap pwograme, kontwole, kowòdone, epi bay kou sa yo tou. Yo ka reklame FTE 130 pondere pou pwofesè sa yo.

**Dekri fason yo enfòme anplwaye pedagogik yo de egzijans ak opòtinite fòmasyon yo (18 èdtan). Ekri tit moun (yo) ki responsab pou yo bay avi yo ak kòman yo dokimante pwosesis la.**

Y ap enfòme tout anplwaye pedagogik yo de egzijans ak opòtinite fòmasyon yo pa mwayen kou ESOL yo ofri yo ke y ap poste sou Canvas epi nan memo rektè adjwen an voye bay tout distri a. Anplis de sa, y ap voye enfòmasyon sa bay tout administratè lekòl yo pa imèl epi yo menm y ap enfòme pwofesè yo. Pwogram Korektif ak Miltileng yo responsab pou yo kowòdone, pibliye, ak kontwole avi pou tout fòmasyon ESOL y ap prezante onivo distri a ak lekòl yo. Depatman Sètifikasyon an ap siveye ki pwofesè ki konplete kou sètifikasyon valide ESOL yo epi y ap mentni dosye yo epi mete kopi yo nan dosye pèsonèl pwofesè a.

**Dekri pwosedi yo swiv lè yo rapòte pwofesè Kategori I k ap anseye nan domèn yo pa gen lisans yo. Ekri pwosedi konfòmite yo swiv lè yo fè reklamasyon FTE 130 pou kou debaz yo.**

Direktè lekòl la ap rapòte pwofesè Kategori I k ap anseye nan domèn yo pa gen lisans yo bay Depatman Sètifikasyon an k ap rapòte yo li menm bay Komisyon Eskolè a pou yo apwouve. Y ap voye yon lèt pou enfòmè paran yo de estati pwofesè k ap anseye nan domèn yo pa gen lisans yo nan lang matènèl yo, amwenske li vrèman pa posib. Y ap konsidere pwofesè Kategori I yo kòm pwofesè k ap anseye nan domèn yo pa gen lisans jiskaske yo satisfè egzijans sètifikasyon valide oswa sètifikasyon ESOL yo. Yon fwa yo asiyen yon elèv ELL ba yo, pwofesè Kategori I yo dwe konplete 60 èdtan fòmasyon ESOL nan yon delè dezan ak omwen 60 èdtan fòmasyon ESOL chak ane konsekativ jiskaske yo konplete sètifikasyon valide ESOL la kèlkeswa elèv ELL yo asiyen ba li. Yo dwe ajoute sètifikasyon valide ESOL la sou yon diplòm ansèyman pwofesè a te deja genyen. Y ap konsidere pwofesè ki swiv direktiv sa yo konfòm, epi y ap ka reklame FTE 130 pondere. Byenke yo ka reklame FTE 130 pondere a pou pwofesè responsab pou anseye Kategori II, kou debaz Matematik, Syans, Syans Sosyal, ak Konesans nan Enfòmasyon, yo p ap konsidere pwofesè sa yo kòm pwofesè k ap anseye nandomèn yo pa gen lisans, epi lèt avi oswa apwobasyon komisyon eskolè a pa nesèsè. Yo dwe dokimante ke yo itilize estrateji ESOL yo pou asire prestasyon ansèyman konpreyansif.

**Dekri fason LEA ofri egzijans fòmasyon ESOL 60 èdtan pou administratè ki baze nan lekòl yo ak ki sistèm siveyans LEA pral mete sou pye.**

OCPS ofri egzijans fòmasyon ESOL 60 èdtan pou administratè lekòl yo lè yo ofri opòtinite fòmasyon apwopriye pa mwayen modèl fòmasyon aprantisaj an liy lan. Pwogram Korektif ak Miltileng yo responsab pou yo kowòdone, pibliye, ak kontwole avi pou fòmasyon ki disponib pou administratè ki baze nan lekòl yo. Administratè yo gen yon delè ennan apati de dat asiyasyon lidèchip la pou yo konplete 60 èdtan, men yo dwe fè l avan yo ka itilize pwogram detid ESOL la. Y ap dokimante pwosesis la pa mwayen dosye elektwonik entèn epi y ap mentni l nan dosye anplwaye a.

**Dekri fason LEA ofri egzijans fòmasyon ESOL 60 èdtan pou Konseye Oryantasyon yo ak sistèm siveyans LEA.**

OCPS ofri egzijans fòmasyon ESOL 60 èdtan pou administratè lekòl yo lè yo ofri opòtinite fòmasyon apwopriye pa mwayen modèl fòmasyon aprantisaj an liy lan. Pwogram Korektif ak Miltileng yo responsab pou yo kowòdone, pibliye, ak kontwole avi pou fòmasyon ki disponib pou administratè ki baze nan lekòl yo. Pwogram Korektif ak Miltileng yo responsab pou yo kowòdone, pibliye, ak kontwole avi pou fòmasyon ki disponib pou konseye oryantasyon yo. Konseye oryantasyon yo gen ennan apati de dat asiyasyon yo nan yon lekòl pou yo konplete 60 èdtan, men yo dwe fè l avan yo ka itilize pwogram detid ESOL la. Y ap dokimante pwosesis la pa mwayen dosye elektwonik entèn yo epi y ap mentni l nan dosye anplwaye a.

**Dekri devlopman pwofesyonèl siplemantè LEA ofri pou yo asire ke anplwaye pedagojik yo rete okouran de nòm ak meyè pratik Devlopman Lang Anglè yo.**

Pwofesè LEA ak kontni matyè yo, administratè yo, ak anplwaye bileng ki pa gen lisans pwofesyonèl yo rete okouran de fòmasyon ESOL siplemantè ki disponib yo pa mwayen Biwo Pwogram Korektif ak Miltileng yo. Anplwaye yo ka enskri pou kou oswa aktivite entèvenan distri lekòl yo, DOE oswa WIDA

ap prezante yo. Byenke yo paka itilize kou sa yo pou satisfè egzijans fòmasyon ESOL yo, pwofesè ak administratè yo ka resevwa pwen entèn lè yo fin konplete pwogram detid la.

**Si yo ofri ansèyman nan yon lang ki pa Anglè, dekri pwosedi yo swiv pou evalye metriz pwofesè yo nan lòt lang lan ak nan Anglè.**

Piske nou ofri yon pwogram lang doub Panyòl-Anglè pami 11 nan lekòl nou yo, pwofesè k ap anseye elèv ki nan pwogram sa yo dwe byen metrize Anglè, jan sa preskri nan egzijans sètifikasyon jeneral pwofesè yo epi anplwaye lekòl yo dwe fè yon entèvyou avèk yo.

**Li obligatwa pou gen yon anplwaye bileng ki pa gen lisans pwofesyonèl oswa yon pwofesè bileng nan lekòl ki gen 15 elèv ELL oswa plis ki pale menm lang. Presize kalifikasyon elijiblite LEA egzije pou anplwaye bileng ki pa gen lisans pwofesyonèl yo. Eksplike deskripsyon travay ak asiyasyon prensipal anplwaye bileng ki pa gen lisans pwofesyonèl yo.**

Aplikan bileng ki pa gen lisans pwofesyonèl yo dwe gen yon diplòm AA/AS oswa yo dwe pase yon egzamen sètifikasyon pou moun ki pa gen lisans pwofesyonèl tyès pati (tankou evalyasyon ParaPro a pa egzansp). Yo dwe byen metrize Anglè ansanm ak lang matènèl apwopriye elèv y ap sipòte yo jan responsablite travay yo mande a. Responsablite travay yo pral gen ladan men pa sèlman patisipasyon nan: aktivite devlopman pwofesyonèl yo; pwosedi pwogram yo; bay leson; siveye evalyasyon endividyèl ak evalyasyon gwoup nan lang matènèl yon timoun oswa an Anglè (sou direksyon pwofesè klas timoun lan); devlopman plan ansèyman pou elèv yo ak pou ti gwoup piti yo.

**Dekri pwosedi LEA swiv pou fòmasyon anplwaye bileng ki pa gen lisans pwofesyonèl yo nan ESOL oswa estrateji lang lakay yo. Ekri fason y ap mentni dokimantasyon fòmasyon an.**

Yo ofri Edikasyon Bileng pou Anplwaye ki pa Gen Lisans Pwofesyonèl yo avèk devlopman pwofesyonèl kontinyèl pandan peryòd pre-planifikasyon, oryantasyon, enstiti ete yo, ak rankont an ti gwoup ki konsantre sou sijè tankou Dekrè Konsantman ESOL la, fason pou idantifye elèv yo, pwosedi evalyasyon yo, diferans ak resanblans entèkiltirèl, patisipasyon paran yo, teknik pou bay leson, devlopman ak aranjman nan pwogram detid la, ak estrateji pou yo itilize lè y ap travay ak elèv ELL yo. Y ap dokimante pwosesis la pa mwayen dosye elektwonik entèn yo epi y ap mentni l nan dosye anplwaye Edikasyon Bileng pou Anplwaye ki pa Gen Lisans Pwofesyonèl yo.

**Dekri pwosedi yo swiv pou detèmine metriz anplwaye bileng ki pa gen lisans pwofesyonèl yo nan Anglè ak nan lang eritaj elèv y ap sèvi yo.**

Moun k ap aplike pou pòs travay Edikasyon Bileng pou Anplwaye ki pa Gen Lisans Pwofesyonèl yo nan sit lekòl yo dwe montre yo byen metrize youn nan lang ki annapre yo: Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, oswa Vyetnamyen. Lang sa yo reprezante lang Elèv k ap Aprann Lang Anglè nan distri nou an yo plis pale.

**Tanpri bay lèt asirans rektè distri a te voye a ki montre ke distri a konfòm ak tout egzijans fòmasyon ESOL yo.**

## **Seksyon 11: Pwolonjman Sèvis (Règ 6A-6.09022, F.A.C.)**

**Dekri Pwosedri LEA swiv pou yo detèmine pwolonjman sèvis yo, ki gen ladan delè apwopriye yo dapre DEUSS. Eksplike wòl Komite ELL la jwe ak ki dokiman sipò yo itilize pou detèmine si li nesèsè pou yo kontinye sèvis ESOL yo.**

Si yon elèv LY pase 3 zan oswa plis nan yon pwogram ESOL yo dapre DEUSS, Komite ELL la pral rankontre chak ane pou yo reyevalye pwogrè elèv ELL la fè anvè metriz lang Anglè. Komite ELL la pral rankontre pa pi bonè pase trant (30) jou avan twazyèm anivèsè DEUSS elèv la epi pa pita pase dat aktyèl anivèsè a. Y ap evalye elèv ELL la nan omwen yon enstriman evalyasyon depatman apwouve pa pi bonè pase trant (30) jou avan dat anivèsè elèv la.

Si dat anivèsè elèv la tonbe ant dat piblikasyon Tès Metriz Lang Anglè a (ELP) (AKSÈ pou ELL yo 2.0) ak Evalyasyon Nòmalize Florid (FSA) aplikab la nan yon ane lekòl kèlkonk epi nan jou 1ye oktòb ane apre a, yo ka itilize nòt ELP ak nòt FSA aplikab elèv la, epi yo p ap bezwen konsidere yon evalyasyon ki pi resan. Apre 1ye oktòb, y ap evalye elèv ELL yo avèk tès IPT tandè/oral ak/oswa tès Lekti ak Ekriti IPT a pou kouvri toule kat (4) domèn metriz lang yo (tandè, pale, li, ak ekri). Si majorite Komite ELL la detèmine ke elèv la pa byen metrize lang Anglè, y ap pwolonje sèvis ESOL yo pou li. Si majorite Komite ELL la detèmine ke elèv la byen metrize lang Anglè, y ap fè elèv la sòti nan pwogram ESOL la. Omwen de pami senk kritè eta tabli yo dwe sipòte desizyon Komite ELL la. Y ap dokimante ak mentni baz ak nati desizyon Komite ELL la pran pou yo pwolonje oswa pa pwolonje sèvis ESOL yo nan Plan ELL elèv la k ap nan pòtfèy ELL elèv la.

Pwosedri yo swiv lè y ap detèmine si pou yo pwolonje sèvis yo:

- a) Yo refere elèv la bay Komite ELL la.
- b) Komite ELL la revize kanè yo, pòtfèy elèv yo, si yo atenn Nòm Florid yo, pèfòmans yo nan evalyasyon distri/eta a yo, kòmantè paran/pwofesè yo, kantite ane elèv la te enskri nan pwogram ESOL la ak metriz aprantisaj lang.
- c) Komite ELL la ka detèmine ke elèv la dwe kontinye nan pwogram klasik la.
- d) Komite ELL la ka detèmine ke yo dwe refere elèv la pou l al fè plis evalyasyon.
- e) Komite ELL la ka detèmine ke elèv la bezwen yo pwolonje sèvis yo pou li.

Espesyalis Konfòmite ESOL la responsab pou l kòmanse yon Plan ELL pou Elèv yo, mete elèv yo nan plasman apwopriye apre yo pran evalyasyon ELL la, epi travay dirèkteman ak Asistan Pwogram Konfòmite ESOL onivo distri a pou yo antre ak mentni dosye presi sou done elèv yo.

## Evalyasyon Metriz Tande ak Pale

Ekri lis evalyasyon metriz Tande ak Pale yo itilize nan LEA pou detèmine si yo bezwen pwolonje sèvis pou yon elèv baze sou metriz li nan Anglè.

Non Evalyasyon Metriz Tande ak Pale a	NÒT MINIMAL YO UTILIZE POU DETÈMINE PLASMAN (ANTRE) DAPRÈ TIP NÒT LA			
	NIVO KLAS	NÒT BRIT <sup>(1)</sup>	NÒT ECHÈL <sup>(2)</sup>	SOU RAN SANTIL NASYONAL <sup>(3)</sup>
Metriz IDEA I	K-5		A-F	
Metriz IDEA II	6-12		A-F	

1. Yon nòt brit reprezante kantite pwen yon elèv resevwa pou repons kòrèk yo nan yon tès.
2. Yon nòt sou echèl se yon nòt brit yo konvèti sou yon echèl. Yo dwe itilize tablo konvèsyon konpayi piblikasyon tès la bay la pou yo rapòte nòt sou echèl yo si yo pa bay rezilta tès yo an tèm de yon nòt sou echèl.
3. Yon ran santil nasyonal se ran santil yon tès nasyonal ki itilize yon nòm kòm referans ki endike pousantaj yon gwoup yo referanse ki resevwa yon nòt ki egal oswa pi ba pase nòt yon elèv endividyèl resevwa.

## Evalyasyon Metriz Lekti ak Ekriti

Ekri lis evalyasyon metriz Lekti ak Ekriti yo itilize nan LEA pou detèmine si yo bezwen pwolonje sèvis pou yon elèv baze sou metriz li nan Anglè.

<b>NON EVALYASYON METRIZ LEKTI AK EKRITI A</b>
TÈS METRIZ LEKTI AK EKRITI IDEA (IPT)
AKSÈ pou ELL yo 2.0
FSA ELA

**Sonje:** Yon evalyasyon ki itilize yon nòm kòm referans ka rapòte nòt yon elèv sou fòm ran santil. Yon nòt ki nan ran oswa pi ba pase 32yèm santil nan pòsyon lekti ak ekriti yon evalyasyon ki itilize yon nòm kòm referans dwe kalifye yon elèv pou l antre nan pwogram ESOL la.

